Enstitisyonalizasyon ak politik piblik sou kesyon andikap an Ayiti

Frédéric REICHHART

Professeur des universités en sociologie à l'Institut national supérieur de formation et de recherche pour l'éducation inclusive (INSEI) en France, membre du Groupe de recherche sur le handicap, l'accessibilité, les pratiques éducatives et scolaires (Grhapes, UR 7287),

DOI : https ://doi.org/10.17184/eac.9129

Résumé : Depuis son indépendance en 1804, Haïti s'est doté de différents textes constitutionnels hérités du droit français et de textes internationaux sur les droits de l'Homme mais aussi sur les droits des personnes handicapées. Progressivement, ces normes du droit positif ont alimenté des politiques publiques façonnant le paysage socio-institutionnel haïtien œuvrant en faveur des personnes handicapées. Dans une perspective sociohistorique, ce chapitre présente et analyse le contenu et les contours de ce paysage dans la période contemporaine caractérisée par les nécessités de consolidation du rôle régalien de l'État et de protection des populations les plus vulnérables. Pour se faire, une première partie porte son attention à l'émergence d'un cadre légal et réglementaire en Haïti ainsi que de la mise en place d'instances étatiques en charge du handicap. Puis, une seconde partie se consacre de l'engagement de la société civile avec les actions d'Organisation de Personnes handicapées (OPH) et d'Organisations Non gouvernementales (ONG).

Mots-clés : Politiques publiques, Organisation de Personnes handicapées (OPH), Organisations Non gouvernementales (ONG), Bureau du Secrétaire d'État à l'Intégration des personnes handicapées (BSEIPH)

Entwodiksyon

Depi endepandans li nan lane 1804[1], Ayiti bay tèt li plizyè konstitisyon ki soti nan lwa fransè ak tèks entènasyonal sou dwa moun men tou sou dwa moun andikape[2]. Prensip dwa pozitif sa yo ti pa ti pa fè politik piblik yo aji sou reyalite sosyoenstitisyonèl ayisyen an k ap travay pou moun andikape yo. Nan yon pèspèktiv sosyoistorik (Aron, 1971 ; Noiriel, 2006), chapit sa prezante e analize kontni ak kontèks reyalite sa nan

[1] Nou pa trete peryòd kolonyal espayòl ak franse (1492-1804). Yon pati nan tematik sou Pèsepsyon ak tretman ki konsène andikap pandan peryòd kolonyal la, trete nan yon chapit sou zèv konfesyonèl nan liv sa.

[2] Gen 22 konstitisyon soti 1805 rive 1987. Nou dwe remake pwoklamasyon 29 dawou 1793 la, "liberasyon esklav yo" te fini ak sistèm kraze zo a ki te lakoz anpil moun andikape.

peryòd kontanporen an ki chita sou nesesite pou kore Leta nan rèsponsablite l ak pwotèksyon popilasyon ki pi fèb yo. Pou rive fè sa, yon premye pati konsantre l sou yon kad legal ak jan pou l aplike an Ayiti avèk enstans nan Leta a pou trete kesyon andikap. Apre sa, yon lòt pran angajman sosyete sivil avèk travay Òganizasyon moun andikape yo (OPH) ak Òganizasyon non gouvènmantal yo (ONG).

1 Ki angajman Leta sou koze andikap ?

1.1 Tabli yon kad legal ak jan pou l aplike

Depi nan kreyasyon Leta ayisyen nan lane 1804, sòlda ki te vin andikape akoz yo te blese nan batay, te jwenn yon gwo atansyon. Se konsa daprè lwa 26 avril 1806 ki pwoteje moun andikape nan gè endepandans lan, ofisye ak sou ofisye te benefisye laswenyay ak lojman (Mathurin, 1984). Men se depi nan dezyèm mwatye 20ème syèk la Leta ayisyen adopte yon seri tèks lwa ki ankouraje pwoteksyon dwa moun pi fèb yo. Premye ak ki parèt nan tit IX ak chapit 2 a chita sou « travay" nan konstitisyon ki te adopte nan dat 19 desanm 1957.

Nan atik 165 lan, nou li : "*Leta responsab endijan yo ki pa ka travay akoz laj oswa enkapasite fizik ou mantal yo*"[3]. Yo konsidere mezi sa nan yon kesyon pi laj sou zafè lasante nan rejim sosyal global ayisyen[4] an. N ap remake konstitisyon yo (ak revizyon yo) site plis tematik sou respè diyite moun, libète chak moun, esklizyon, diskriminasyon ou asistans sosyal[5]. Pou pi klè nan domèn edikasyon, si konstitisyon 1957 la di nan atik 167 la edikasyon primè a obligatwa kote "Leta dwe bay li gratis", sa 1983 la, nan atik 206 la li kondane "tout fòm diskriminasyon, kèlkeswa jan sa ye […] nan lekòl yo". Nan sans sa, kòd travay 1961[6] an garanti dwa pou tout moun travay, san pale de moun andikape yo : "*tout travayè yo egal devan lalwa e benefisye menm pwoteksyon ak menm garanti. Tout diskriminasyon aboli, tankou sa ki gen rapò ak karaktè entèlektyèl oswa manyèl, fòm, salè travay ak sèks travayè*". (Pwen 3). Tèks sa gen pwovizyon ki konsène andikap aksidan travay bay ak pwoteksyon pou moun andikape ki viktim ; konsa nou li "*pansyon andikap pou koz aksidan travay ak maladi pwofesyonèl dwe yon garanti pou travayè fanm ak gason ki sou asirans aksidan travay ak maladi pwofesyonèl*". Nou dwe mete tèks nasyonal sa yo nan yon kontèks entènasyonal ki raple obligasyon Leta manm sistèm nasyonzini an pou yo mete yo an akò avèk Deklarasyon inivèsèl dwa moun nan dat 10 desanm 1948 ak Deklarasyon dwa moun andikape 9 desanm 1975[7].

Fòk nou te tann Konstitisyon ayisyen 1987 la pou Leta te gen responsablite nan zafè pwoteksyon sosyal ak èd pou moun andikape : atik 32.8 di "*Leta garanti, pou moun andikape, pwoteksyon, edikasyon ak tout lòt mwayen ki enpòtan pou yo evolye, entegre ou reyentegre nan sosyete a*". Apre sa, Ayiti ratifye yon bann tèks entènasyonal

[3] Konstitisyon sa yo di menm bagay.

[4] Nan tit XI : lasante ak asistans sosyal nan konstitisyon 1957 la, li di : "sante abitan sou tèritwa a se yon byen piblik. Leta dwe bay malad laswenyay e li gen gwo obligasyon pou l anpeche e limite yon maladi atrapan e andemik blayi nan tout peyi a" (atik 171). Konstitisyon 1957 la, fonde nan atik 172 la "konsèy siperyè lasante".

[5] Pwen sa parèt nan konstitisyon 1935 lan.

[6] Fòk nou fè sonje Ayiti se manm Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) depi kreyasyon l an 1919.

[7] Se rezolisyon 3447 Asanble Jeneral Nasyonzini an te adopte.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

konsènan moun andikape ki gen rapò ak atik 276.2 nan Konstitisyon an "*yo fè pati lejislasyon Peyi a e aboli tout lòt lwa ki kont yo*". Konsa, an desanm 1994, pandan y ap ratifye Konvansyon Nasyonzini sou dwa timoun, Ayiti rekonèt timoun andikape yo gen menm dwa tou. Nan lane 1998, siyati Deklarasyon San Juan nan Pòtoriko rekonèt moun andikape ka patisipe nan pwosesis demokratik. Epi, apre ratifikasyon Konvansyon Nasyonzini sou dwa moun andikape ak pwotokòl fakiltatif la an 2009, Ayiti angaje l pou l pran dispozisyon lejislatif, administratif ak sosyal e fè pwogram pou mete lwa ak politik li an akò avèk Konvansyon an. Menm lane a, nan mwa mas, Ayiti ratifye Konvansyon Entèameriken kont Diskriminasyon sou tout Fòm sou Moun Andikape[8]. Domaj, tèks sa yo pa janm aplike e sityasyon moun andikape ak fanmi yo pa vin miyò, se sa anpil rapò[9] ak laprès nan peyi a denonse.

An mas 2012, premye lwa ayisyen sou entegrasyon moun andikape (LIPH) pibliye. Daprè Gerald Oriol Jr, Sekretè Leta pou entegrasyon moun andikape depi 2011 rive 2020, parèt tankou yon "*aksyon ki repare moun andikape yo te mete nan kwen pandan lontan*" e "*vin fè moun andikape santi yo moun tout bon*" (BSEIPH, 2012). Premye atik li a di objektif li se "*fè pwomosyon prensip ak valè ki ka pèmèt entegrasyon moun andikape rive fèt tout bon vre nan tout dimansyon sosyete ayisyen an*". Li apiye kèk prensip an jeneral nan mezi li yo tankou prensip menm chans pou tout moun, san diskriminasyon, aksesiblite, respè devlopman kapasite ak pwòp diyite moun, otonomi chak moun e endepandans. Atik 10 la fikse obligasyon Leta a pou l fè moun andikape yo gen aksè nan sevis lasante, lojman, transpò, edikasyon ak travay. Lwa sa a pral konplete an 2018 ak yon lòt lwa ki konsène aksesiblite. Sa vle di, lwa sou nòm aksesiblite espas ki bati kote l te vote nan sena ayisyen an 3 jiyè 2018 ; pibliye 17 sektanm 2018, lwa sa la pou mete nòm aksesiblite espas ki bati ak kay moun rete an gwoup ou sèl ki fèt pou lwe, kay k ap resevwa foul moun ak Espas piplik yo (At. 1). Pandan y ap konble vid ki genyen nan zafè nòm aksesiblite inivèsèl an Ayiti, tèks sa adapte teknik aksesiblite yo ki nan estanda entènasyonal nan kontèks ayisyen an.

Etap sa, k ap mete baz pwogresivman nan kad legal ak jan pou l aplike, mache ak yon politik sou handikap. Politik sa soti nan angajman Doktè Michel A. Péan, kòdonatè nasyonal *Sosyete Ayisyen k ap Ede Avèg (Société Haïtienne d'Aide aux Aveugles), e ansyen Sekretè nasyonal Rezo Asosyatif Nasyonal pou Entegrasyon Moun Andikape (Réseau Associatif National pour l'Intégration des Personnes Handicapées (RANIPH))*. Kou yo fin nome l Sekretè Leta, li òganize yon fowòm an oktòb 2007 ki envite tout aktè konsène yo sou kesyon andikap. Echanj ak pwopozisyon ki te fèt nan rankont lan vin bay yon politik nasyonal sou andikap ki prezante senbolikman nan okazyon jounen entènasyonal 3 desanm 2008 (Le nouvelliste, 2008-12-02). Apase 220 paj prezante "*bèl lide solid sou yon politik piblik ak nasyonal pou amelyore, rive menm pote yon solisyon definitif nan pwoblèm moun andikape yo*". Lide sa yo depann de aplikasyon tèks entènasyonal Ayiti siyen yo, Leta ayisyen ap konsidere kesyon andikap la, chanjman sou jan yo te konn wè andikap moun andikape yo ak respè dwa yo (PNH, 18, 2009).

[8] Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) te adopte l nan lane 1999.

[9] sou sijè sa, nou ka site, an 2009, rapò Etid sou kondisyon lavi moun andikape an Ayiti (FHAIPH) e an 2011 rapò reaching the "cocobai" : reconstruction and persons with disability in Haiti, Cassandra Philips te ekri.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Apre kèk lane, an jen 2013, gouvènman an lanse premye pwogram èd pou moun andikape (Lamaute-Brisson, 2015). Avèk tit Kore moun andikape, pwogram[10] sa antre nan yon sistèm asistans sosyal ki rele Ede pèp pou popilasyon pi fèb yo (BSEIPH, 2013). Pwogram sa te pèmèt yo bay moun andikape ki pa t gen lajan 800 goud chak 2 mwa pandan yon lane (BSEIPH, 2013). Pou BSEIPH, pwogram sa te dwe sèvi 25000 moun (BSEIPH, 2013). An 2014, yo bay 2466 benefisyè 4 milyon goud nan nèf depatman ak 70 komin nan peyi a (HaïtiLibre, 2014). Malerezman, Le nouvelliste regrèt "*pwogram sa yo ki te dwe sèvi moun pi fèb yo pa bay rezilta yo t ap tann yo, daprè ekonomis Eddy Labossière*" (Le nouvelliste, 2013). Sa vle di, pwojè sa yo pa bay rezilta tankou yon responsab òganizasyon te denonse l : "*Bay yon manman 400 goud chak mwa oswa yon moun andikape 800 goud chak 2 mwa pa reprezante anyen lè nou gade pri manje ap vann*" (Le nouvelliste, 2013). Sa kesyone finansman politik pwojè sa ak ti kras lajan yo mete pou egzekite plan an. Kesyon enpòtan sa te soulve an 2008 nan lide pou te kreye yon fon solidarite Doktè Péan te pwopoze pou yo mete nan lwa 2012 la (Le nouvelliste, 2017). Domaj, fon sa pa t janm rive kreye e sanble yo bliye li nan palman an : yon avan pwojè lwa sou òganizasyon ak fonksyònman Fon Solidarite Nasyonal pou Entegrasyon Moun Andikape (FSNIPH) vote an 2018 nan chanm depite a e l ap tann vòt Gran Kò a (sena) (Loopnews, 2018).

1.2 Yon òganizasyon enstitisyonèl nan Leta

Se depi lane 1980 yo tou nou kòmanse wè limyè yon òganizasyon enstitisyonèl sou koze andikap. Konsa, an 1983, Leta ayisyen kreye Konsèy Nasyonal pou Reyabilitasyon Andikape *(Conseil National pour la Réhabilitation des Handicapés (CONARHAN))* ki gen misyon "*ede gouvènman an fè pwogram ak politik pou moun ki gen andikap fizik*" (Le nouvelliste, 2014). Yon òganis otonòm ki gen karaktè teknik ak administratif k ap fonksyone anba Ministè Afè Sosyal, li la pou l "*travay pou l bay moun andikape yo yon lavi miyò*", "*kreye, otorize, ankouraje e voye je sou òganis piblik ak prive, layik ou relijye k ap fè don ou k ap fè biznis, k ap reyabilite e wòdone aktivite moun andikape*". Men misyon l tou, se "*ede gouvènman an planifye e egzekite yon pwogram nasyonal, ki nan Plan Devlopman an, pou sipòte moun andikape*". Poutan, Le nouvelliste regrèt CONARHAN "*pran twòp responsablite ki pa toujou ka respekte*" (2014). Pou repare feblès nan fonksyònman CONARHAN e nan avantaj pledwaye sosyete sivil ayisyen an sou kesyon andikap la, nan dat 17 me 2007, yon arete prezidansyèl kreye yon biwo sou lobedyans Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) : Biwo Sekretè Leta pou Entegrasyon Moun Andikape (*Bureau du Secrétaire d'État à l'Intégration des Personnes Handicapées (BSEIPH)).* Biwo sa montre volonte Leta ayisyen pou l travay pou Entegrasyon Moun Andikape yo daprè atik 32.8 nan Konstitisyon an. Enstitisyon sa ki fenk kreye a bay tèt li kòm anbisyon "*chanje kondisyon lavi moun andikape yo tout bon vre e travay pou entegrasyon yo nan sosyete a nan tout dimansyon*". Objektif BSEIPH yo anpil se konsa tou yo enteresan akoz grosè responsablite l genyen : dabò, wòl li se "*mete sou pye yon politik nasyonal pou entegrasyon moun andikape nan tèt kole ak tout sektè nan lavi nasyonal la*" e "*yon kad legal pou pwoteksyon moun andikape*", "*pèmèt genyen yon politik piblik nan plizyè domèn kote tout moun ladann*". Men tou, li la pou l "*travay pou l bay moun andikape yo yon lavi miyò*" e "*patisipe nan*

[10]Se Fon Asistans Ekonomik ak Sosyal (FAES) ki pilote pwogram sa sou kontwol Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) ak Biwo Sekretè Leta pou Entegrasyon Moun Andikape (BSEIPH).

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

sansiblize opinyon piblik nasyonal kou entènasyonal sou kesyon andikap la" (MAST, BSEIPH, 2009, 29). Pou sa k konsène yon òganizasyon, BSEIPH chita nan yon nivo santral ki nasyonal ak yon nivo desantralize ki gen rapò ak tèritwa yo ; nivo santral la nan Pòtoprens genyen yon bann sèvis ak fonksyon administratif e teknik ki vin bay misyon fòmasyon ak sansibilizasyon, etid ak pwogramasyon, bay materyèl, akonpayman ak ensèsyon sosyoekonomik e, pandan kèk jou la, aksesiblite inivèsèl. Nan rejyon yo, BSEIPH pase pa biwo depatmantal yo ki fè lyezon ak biwo santral pou aplike politik nasyonal la. Men, bidjè BSEIPH la, menm si li konn monte, li toujou pa ase : si lane 2013, bidjè BSEIPH la te anviwon 37 milyon goud (ALTERpresse, 2013), egzèsis fiskal 2018-2019 la te gen yon anvlòp 55 milyon goud ou prèske 571.000 ewo BSEIPH te jwenn nan men Leta ayisyen. Tankou Sekretè BSEIPH la di l "*kèlkeswa bidjè l genyen, BSEIPH pa panse l ap ka bay moun andikape tout sèvis piblik yo*". Akoz tout feblès finans sa yo, nou ka di BSEIPH plis jwe wòl fè pwojè olye li finanse yo.

An 2014, Komite entèministeryèl suivi sou koze andikap (CISH)[11] la konplete e vin yon enstitisyon. Wòl li se fè "*politik piblik sou kesyon andikap akòde e byen mache, pou kreye yon sosyete enklizif nan avantaj moun andikape*" (Conseil des droits de l'Homme, 2016). Nan enstans entèministeryèl sa, andikap la vin yon kesyon transvèsal ki mete plizyè ministè bò kote BSEIPH (2014).

2 Mouvman sosyete sivil ou difikilte pou pote chanjman

Anvan ou apre kad legal la ak règ aplikasyon l yo, enstitisyon yo vin ap parèt tou dousman nan Leta bò kote BSEIPH, men tou nan sosyete sivil la ak angajman OPH ak ONG nan travay k ap fèt nan peyi a ak pledwaye nan peyi lòt bò dlo (tankou depi Konvansyon Nasyonzini an 2006). Men, paske manke travay akademik, yo pa byen konnen devlopman l ak egzistans li.

2.1 Devlopman travay òganizasyon moun andikape yo nan peyi a (OPH) ak kèk ONG

Anpil asosyasyon ak biwo resevwa moun andikape chak jou e sipòte yo, san yo pa konnen konbyen moun andikape ki genyen an jeneral. Daprè BSEIPH, an 2018, genyen 177 OPH ki jwenn otorizasyon MAST pou fonksyone nan peyi a. Yo plis chita nan Lwès, Nan Pòtoprens kote ki gen plis OPH, men yo pa twò prezan nan depatman Nip, NòdÈs ak NòdWès.

Premye travay tout moun konnen ki fèt pou moun andikape ta sanble parèt nan ane 1940-1950. Ebyen, aksè moun andikape pou jwenn sèvis sosyal yo sòti nan angajman sosyete sivil la, tankou paran ak enstitisyon asosyatif ak konfesyonèl yo. Fòk nou remake an Ayiti, anvan enstitisyon sa yo te kreye, se fanmi ki te konn pran swen moun andikape. Premye enstitisyon ki ta pral vin *Centre Saint-Vincent pour Enfants Handicapés* fèt an 1945 gras ak angajman Margaret Joan, yon sè Legliz Episkopal ameriken e fizyoterapet (CONARHAN, 2005).

[11] Li regwoupe Minis Afè Sosyal ak Travay, Ekonomi ak finans, Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn, Sante Piblik ak Popilasyon, Enteryè ak Kolektivite Teritoryal, Travo Piblik, Transpò ak Kominikasyon, Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Jenès, Espò ak Aksyon Sivik, Jistis ak Sekirite Piblik, Agrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Riral.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Lè l wè pa gen okenn kote k ap ede timoun andikape, li fè yon krèch pou resevwa timoun sa yo ki poko gen 5 an, ki pa wè, pa tande e ki gen pwoblèm fizik. Travay sa, pral enterese fanmi ak zanmi moun andikape ; pandan tout dezyèm mwatye 20èm syèk la, lòt asosyasyon ak enstitisyon pral tabli pou akonpaye dirèkteman moun ki genyen yon andikap kèlkonk. Se konsa an 1952, Jean Sorel, ki fèt avèg apre yon glokòm konjenital, te ede kreye *Société Haïtiene d'Aide aux Aveugles (SHAA)*. Apre kèk ane, an 1957, sè Agnès Colette, yon relijyez fransèz, kreye nan Pòtoprens anba kontwòl Saint Louis Marie Grignion de Monfort, yon enstiti ki la pou fè edikasyon, evanjelizasyon ak enstriksyon pou timoun soud (Monfort, 2019). Lòt Òganizasyon tankou *Organisation pour la Défense des droits des Sourds Muets*, *Institution Saint John Margareth* oubyen *Mission de l'Espoir* konsantre yo sou bezwen timoun soud yo. An 1976, *Centre Éducatif Spécialisé (CES)* kreye pou ede timoun andikape entèlèktyèl ak fanmi e kominote timoun sa yo ; daprè *Association des Handicapés en Mouvement* ak *Organisation Haïtienne pour la réhabilitation des Handicapés*, y ap fè pledwaye sou kesyon andikap fizik. Soti nan kèk angajman moun andikape oubyen zanmi yo ak lòt travay relijye, asosyasyon ak lekòl espesyalize sa yo gaye nan tout peyi a, men se pa daprè lalwa.

Yo tout bay sèvis nan domèn prevansyon, edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl, espò, lasante ak reyadaptasyon kominotè, mikokredi, asistans sosyal oubyen tou pledwaye (CONARHAN, 2005).

Etid Reichhart ak Saint Pierre(2020), ki fèt ak OPH Gonayiv yo, montre yon bann defi OPH dwe leve. OPH yo pa toujou rive jwenn ase finansman pou fè aktivite. Yo manke planifye e òganize, sa ki lakòz yo gen pwoblèm pou reyalize aktivite yo. Pwoblèm sa yo e akoz ti kras lajan yo genyen an, fè yo degaje yo pou yo fòme platfòm òganizasyon, pou mete konpetans yo ansanm e monte gwo pwojè.

Se lèspwa sa ki fè kèk enstitisyon ak asosyasyon vin met tèt yo ansanm, pou kreye nan fen lane 1990 ak kòmansman lane 2000 yo, *Rezo Asosyatif Nasyonal pou Entegrasyon Moun Andikape* (*Réseau Associatif pour l'Intégration des Personnes Handicapées (RANIPH)*)[12] ak *Federasyon Ayisyen Assosyasyon ak Enstitisyon Moun Andikape an Ayiti (Fédération Haïtienne des Associations et Institutions de Personnes Handicapées d'Haïti (FHAIPH))*[13]. Avèk anviwon 50 enstitisyon nan yo chak, 2 federasyon sa yo bay tèt yo misyon travay pou ranfòse kapasite asosyasyon manm yo nan bay fòmasyon ak materyèl, teknik, finans ak moun (FHAIPH, 2022). Nan lane 2011, yon 3èm federasyon, Kòdinasyon Nasyonal Òganizasyon yo pou Entegrasyon Moun Andikape *(Coordination Nationale des Organisations pour l'Intégration des Personnes Handicapées (CONOIPH))* gen ladann yon kenzèn asosyasyon moun andikape nan peyi a. CONOIPH ki gen pou deviz tèt ansanm pou kraze baryè nan sosyete a, ap fè pledwaye pou moun andikape rive entegre pandan y ap ranfòse kapasite òganizasyon moun ak pou moun andikape.

[12]RANIPH fèt ak yon rezo asosyatif ak enstitisyon moun andikape ki tabli nan Lwès, Sid, Nò, SidÈs ak Latibonit. L ap travay pou ranfòse asosyasyon k ap travay nan defann dwa moun andikape. Epi, l ap sansiblize opinyon piblik la sou kondisyon moun andikape ap viv nan fè pwomosyon pou dwa ak devwa yo.

[13]RANIPH fèt ak yon rezo asosyatif ak enstitisyon moun andikape ki tabli nan Lwès, Sid, Nò, SidÈs ak Latibonit. L ap travay pou ranfòse asosyasyon k ap travay nan defann dwa moun andikape. Epi, l ap sansiblize opinyon piblik la sou kondisyon moun andikape ap viv nan fè pwomosyon pou dwa ak devwa yo.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Apre tout aksyon asosyasyon sa yo nan peyi a, yon bann òganizasyon nongouvènmantal (ONG) antre an Ayiti pou ede moun andikape. Li pa fasil pou fè bilan travay yo tèlman yo diferan. Si gen yon seri ONG ki vin ranfòse kèk enstitisyon nan peyi a, nan yon koze patenarya, gen lòt ki ede moun andikape yo dirèkteman. Genyen ki nan peyi a depi yon dizèn lane pandan gen lòt ki fenk vini, yo vini akoz bann katastwòf ki frape peyi a tankou siklòn Jàn ak Matyou an 2004 ak 2016, men tou avèk tranblemann tè janvye 2010 ak dawou 2021. Anpil ladan yo travay sèlman nan kesyon andikap kòm Christian Blind Mission, Handicap International, BRAK International, Blaze Sport, elatriye. Gen lòt ki fè youn ou kèk pwojè sou kesyon andikap tankou Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) gras ak pwojè l genyen, pou ranfòse kad legal pou moun andikape an Ayiti. Òganizasyon sa yo angaje yo nan yon bann domèn soti nan lasante ak reyadaptasyon, pase nan edikasyon ak fòmasyon san bliye ranfòseman enstitisyon yo, e kèk fwa espò ak kilti, elatriye. Fòk nou remake tranblemann tè 12 janvye 2010 la se te moman ki ta pral fè ONG vide an Ayiti.

Akoz fòs li ak dega li fè gen enpak sou moun, sikoloji ak materyèl, tranblemann tè a vin fè gen twòp ONG an Ayiti ; plis pase 10 000 ONG (Boulan, 2015) te mobilize pou ede moun yo nan kesyon manje chak jou, ijèn, lojman, lasante, men yo souvan montre feblès ak mank kòdinasyon. Men tou, yo ede moun ki blese ak moun kò yo pran gwo domaj : estopye ak paralize te jwenn laswenyay nan men doktè ak reyedikasyon ki te ede yo vin refonksyone ankò.

2.2 Travay pledwaye nan entènasyonal la

Siyati Ayiti te bay Konvansyon an nan lane 2006 ak pwotokòl fakiltatif la an 2009 fè Leta ayisyen prezante, nan komite dwa moun andikape ki la pou gade si peyi siyatè a ap aplike Konvansyon an, "*yon rapò detaye sou angajman l te pran pou rèspekte Konvansyon an ak pwogrè ki fèt nan sans sa, nan yon delè 2 lane soti nan lè li te antre an vigè pou Leta manm konsène a*". Gen kèk asosyasyon ayisyen k ap defann moun andikape ki pa dakò e demanti sa k di nan rapò ofisyèl Leta ki pafwa prezante yon bann istwa ki pa korèsponn ak reyalite moun andikape yo. Konsa, nan yon rapò ki te rele *vyolasyon dwa moun andikape an Ayiti* (RANIPH, 2016), ki te remèt nan mwa mas 2016 nan *Konsèy dwa moun nan Nasyonzini*, yon gwoup 4 OPH te rekonèt efò Leta ayisyen. Men, OPH sa yo te fè konnen pi fò nan milyon moun andikape yo "*kondane pou viv apa, paske peyi a mete yo sou kote*" e "*moun andikape ap sibi vyolans ak bwa long akoz andikap yo*". Nan yon lòt rapò an 2017, yon ekip ki gen 7 OPH ak federasyon OPH te denonse ti politik piblik dèyè manman ki t ap fèt sou koze andikap, pwoblèm lavi chak jou ak aksesiblite, men tou fanm andikape k ap sibi diskriminasyon doub fwa. Nan rapò sa, asosyasyon yo repale de 3 jèn fanm soud yo te rache 18 mas 2016, nan komin Kabarè, tou prè Pòtoprens. Pandan yo pran yo pou lougawou, yo vyole, boule, rache e lage kò yo nan yon rigòl dlo sal (AFP, 4 avril 2016). An janvye 2018, avèk èd Franciscans International, yon ONG Kretyen ki gen estati konsiltan nan ONU, Komisyon nasyonal jistis ak lapè ekri yon rapò pou pale de dwa moun andikape, sila yo ki pa jwi libète an Ayiti. Avèk obsèvasyon e entèvyou ki fèt ak prizonye andikape e moun nan 9 sant penitansye yo, rapò a ensiste sou "*amenajman ki pa genyen nan pi fò prizon yo vizite, jis pou moun andikape ka patisipe e gen aksè nan lavi ak sèvis ki disponib*" e "*montre move trètman tou, inimen*

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

e imilyan moun an Ayiti ap sibi, ladan yo moun andikape" (2017, 4). Rapò a prezante tou, ranfòseman nan èspas prizon ak move sitiyasyon moun andikape, vyolans lòt prizonye ap fè kont yo ak pwosedi kòd penal la ki pa twò pale sou kesyon andikap. Sou bò pa l, Ofis Pwoteksyon Sitwayen *(OPC)*[14], yon enstitisyon Leta ayisyen, enstans endepandan, kore sa OPH yo di nan yon *rapò an 2018 ki te prezante nan Komite dwa moun andikape pou analize premye rapò Gouvènman ayisyen an* (OFP, 2018). OPC vle "*atire atansyon Komite dwa moun nan sou sitiyasyon ak kesyon fondamantal ki lakoz Konvansyon an pa respekte. Kòm egzanp, nou ka pale de mank aksè nan edikasyon, èspesyalman pou timoun, nan lasante, lajistis. Pwoblèm tou pou yo patisipe nan plizyè aktivite paske manke aksè*" (OFP, 2018, 4). Rapò a fè konnen diyite moun andikape yo pa rèspekte, pwoblèm aksè nan enfòmasyon, libète lapawòl, èspas ki bati, move trètman pou fanm andikape, mank nan pi piti sèvis sosyal yo, mank aksè nan fòmasyon oswa nan travay, pwoteksyon sosyal ki prèske pa egziste (malgre pwogram èd sosyal kore moun andikape), elatriye. Nan 24 dènye rekòmandasyon li yo, OPC envite Leta ayisyen ogmante lajan ki la pou moun andikape yo, fè CONARHAN fonksyone, sansiblize popilasyon an sou andikap yo, blayi politik piblik yo nan tout peyi a, ankouraje moun aprann lang siy, anplwaye moun daprè kota 2% lalwa prevwa a, bay aksè nan tout sa k konsène lavi sosyal, elatriye.

Yo te analize tout rapò sa yo san paspouki avèk repons Reprezantan Ayiti a nan yon reyinyon nan Jenèv an mas 2018. Malgre patisipasyon òganizasyon sosyete sivil la oubyen kontribisyon pèsonèl, Komite a pa prevwa okenn sanksyon pou sila yo ki ta vyole dwa moun andikape, yo jis kontante yo fèLeta rekòmandasyon.

Konklizyon : Yon seri politik piblik san rezilta

An Ayiti, malgre gen anpil lwa sou dwa moun andikape, ak yon bann nòm entènasyonal, ladan yo sa ONU te prèskri a, kad legal la pa janm rive aplike e sitiyasyon chak jou moun andikape yo pa janm chanje. Pandan 10 dènye lane yo, rapò Ayiti te prezante, nan komite suivi Konvansyon 2006 la (2014, 2016, 2018) oubyen tou nan komisyon dwa moun ONU an nan Jenèv, fè konnen "moun andikape ap sibi vyolans ak esklizyon akoz andikap yo" e "estigmatizasyon, "tout move non", povrete oubyen tou mank aksesiblite nan edikasyon, lasante, travay ak lojman, elatriye. Men, plizyè aktè nan Leta ak prive pran angajman pou rezoud pwoblèm sa yo. Twò souvan, travay sa yo fèt nan dezòd, feblès nan kòdinasyon kolaborasyon patnè ki aktè yo fè travay yo limite anpil (Reichhart et Saint-Pierre, 2020). Apre sa, pilotaj, suivi ak evalyasyon politik piblik yo pa gen twòp valè e yo bezwen ranfòse. Konsa, evolisyon kesyon sou andikap pa chita sèlman sou oryantasyon ak kontni kad legal la, men tou nan kalite ak kantite mobilizasyon aktè enstitisyonèl nan peyi a reyalize.

Bibliografi

AFP, 4 avril 2016, « Haïti, accusées d'être des loups-garous, 3 sourdes lynchées ».

Alter Presse, « Des activités prévues en faveur de l'intégration sociale des personnes handicapées » : https://www.alterpresse.org/spip.php?article15540 publié le 27 novembre 2013.

[14]Se konstitisyon 1987 ak lwa 3 me 2012 ki òganize l, biwo a la pou l "gade si Leta respekte angajman l nan zafè dwa moun, tankou angajman nan nivo nasyonal ak entènasyonal. L ap pwoteje moun kont tout fòm abi nan administras yon piblik lan".

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Aron, Raymon (1971), *De la condition historique du sociologue*, Paris, Gallimard.

Blanchet, Karl ; Tararyn, Myroslava (2012). « L'aide aux Personnes Handicapées en Haïti », Humanitaire [en ligne], http://journals.openedition.org/humanitaire/1313,n\degree_32.

BSEIPH (2014). *Rapport initial de la République d'Haïti au Comité des droits des personnes handicapées.*

BSEIPH, *Vote de la loi sur l'intégration des personnes handicapées.* Publié le 29 mars 2012.

BSEIPH, Plan d'Action, Exercice Fiscal 2018-2019.

BSEIPH, Rapport d'activités : Octobre 2012-septembre 2013. Port-au-Prince, octobre 2013.

BSEIPH, Première rencontre du Comité Interministériel de Suivi en matière de Handicap, publié le 16 septembre 2014.

Comité des droits de l'homme, *Deuxième rapport périodique soumis par Haïti en application de l'article 40 du Pacte*, attendu en 2018, date de réception, le 20 décembre 2018.

Comité des droits des personnes handicapées, *Examen des rapports soumis par les États parties en application de l'article 35 de la Convention. Rapports initiaux des États parties attendus en 2011, Haïti*, date de réception, le 20 mars 2014.

Commission épiscopale nationale Justice et Paix, Mise en œuvre des droits des personnes handicapées privées de liberté en Haïti.

CONARHAN, PNUD. Vers l'élaboration d'une stratégie nationale d'intégration des personnes à besoins spéciaux. Éditions des Antilles S.A.- Port-au-Prince, 2005.

Conseil des droits de l'homme. Rapport national présenté conformément au paragraphe 5 de l'annexe à la résolution 16/21 du Conseil des droits de l'homme-Haïti. Groupe de travail sur l'Examen périodique universel. Vingt-sixième session 31 octobre-11 novembre 2016.

FHAIPH, CRD. Étude sur les conditions de vie des personnes en handicapées en Haïti (2009).URL :http: //www.ht.und.org/assist/publicaassists/fichier/publication.

FHAIPH. https://www.fhaiph.com/qui-sommes-nous consulté le 16 novembre 2022.

Georges, Eddy Lucien (2010). « Considérations sur la saison cyclonique dévastatrice de septembre 2008 en Haïti : De l'importance des actions majeures dans une perspective de durabilité », *Études caribéennes*, https://journals.openedition.org/etudescaribeennes/4851

Haïti Libre : Paiement spécial de quatre mois aux personnes à besoins spéciaux. Publié le 17-09-2014.

Loop Haïti, *Les députés votent un projet de loi en faveur des handicapés.* Publié 26-06-2018.

Lamaute-Brisson, Nathalie (2015), « La stratégie nationale d´assistance sociale (SNAS/EDE PEP), enjeux stratégiques et institutionnels, Protection et promotion sociales en Haïti », *Commission Économique pour l'Amérique Latine et les Caraïbes* (CEPALC).

MAST, SEIPH (2009). Politique nationale du Handicap : les grandes orientations, Haïti, Les presses de l'Imprimeur II.

Mathurin Ernst. (1984). L'assistance Publique en Haïti de 1804 à nos jours, tome 1, Port-au-Prince : Imprimé des Antilles.

New Site, New Life for St. Vincent's Center in Haiti : https://www.e_cf._org/about/news/258/new-site-new-life-for-st-vincents-center-in-haiti

Noiriel, Gérard (2008), *Introduction à la socio-histoire*, Paris, La Découverte.

Le Nouvelliste. *Installation du CONARHAN : Un pas de plus vers une meilleure prise en charge des handicapés.* Publié le 2014-02-18.

Le Nouvelliste. *Vers une politique nationale du handicap.* Publié le 2008-12-02.

Le Nouvelliste. *Création d'un fonds de solidarité pour les personnes handicapées, les projecteurs braqués sur le Parlement.* Publié le 2017-05-31.

Le Nouvelliste. *Sécurité alimentaire : des programmes sociaux à peu d'impact.* Publié le 2013-04-03.

Office de protection du citoyen (Haïti), *Rapport alternatif sur l'application de la Convention relative aux droits des personnes handicapées. Présenté au Comité des Droits des Personnes Handicapées en vue de l'examen du rapport initial du Gouvernement haïtien*, janvier 2018.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

RANIPH, *Violations liées aux droits des personnes handicapées en Haïti, Conseil des droits humains des Nations Unies, session du groupe de travail examen périodique universel*, mars 2016.

Reichhart, Frédéric ; Lomo Myazhiom Célestin (2019), « Analyse socio politique du handicap en Haïti, entre paysage légal, institutionnel et réalités sociales », in Marcelline Djeumeni Tchamabe, Emmanuelle Voulgre, Dominique Groux, Sandrine Nyebe Atangana, *Quelle école pour demain ? Enjeux, priorités et défis*, Paris, L'Harmattan, p. 441-448.

Reichhart Frédéric ; Saint-Pierre Carl-Henri (2020), « Les organisations des personnes handicapées (OPH) en Haïti. État des lieux et analyse des OPH des Gonaïves », in Reichhart Frédéric ; Lomo, Aggée ; Rachedi Zineb, Mercier, Michel, *Au carrefour de l'altérité, Pratiques et représentations du handicap dans l'espace francophone,* Presses universitaires de Namur, p. 207-222.

Présentation institut Montfort, avril 2019, document interne Montfort.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703